élections
Québec

## Eleksyon nan Pwovens

# Tout sa ou dwe konnen pou vote



Dokiman sa a ap eksplike
kijan pou w vote.

Se Direktè Jeneral Eleksyon Québec
lan ki te prepare li.

Pou w jwenn plis enfòmasyon:

- Rantre sou sitwèb lan nan www.elections.quebec
- Rele nou nan **1-888-353-2846**
- Voye yon mesaj tèks pou nou nan **868372**
- Oswa voye imèl pou nou nan info@electionsquebec.qc.ca

# Kisa yon eleksyon ye?

Sa se yon pwosesis
kote moun ki elijib
yo vote pou chwazi moun ki pral reprezante yo.
Moun sa a pral Manm Paleman
sikonskripsyon elektoral lan.

Yon sikonskripsyon elektoral
se yon teritwa
ki genyen apeprè 50,000 moun k ap vote.
Genyen 125 sikonskripsyon elektoral
nan pwovens Québec lan.



Ou pral vote
sèlman pou youn nan kandida
ki prezante nan
sikonskripsyon elektoral ou an.



## Wòl Élections Québec

Élections Québec òganize eleksyon nan Québec.

# Pou vote:



**Non ou dwe enskri nan lis elektoral lan**



Ou dwe genyen 18 lane oswa pi plis



Ou dwe se sitwayen Kanadyen



Ou dwe ap viv omwen sis (6) mwa nan Québec



Ou pa dwe sou pwoteksyon
oswa te pèdi dwa pou ou vote

**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

# Èske non ou enskri sou lis elektoral lan?

Non ak
adrès aktyèl ou
dwe enskri
nan lis elektoral lan.

Verifye si non
ak adrès aktyèl
ou an enskri.
Se responsablite ou sa ye!



**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

Ou kapab verifye li:

- Nan **avi enskripsyon** ou pral resevwa nan kourye lapòs lan
- Sou Entènèt nan [www.elections.quebec](http://www.elections.quebec)

Si non ou
pa nan lis elektoral lan,
ou kapab enskri anliy.

Si ou remake yon erè,
ou kapab chanje enskripsyon ou an.

**Atansyon: ou dwe fè sa avan dat limit lan rive.**



**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

**Avi enskripsyon** sa a rekto ak vèso:

- Sou yon bò gen non elektè ki abite nan menm adrès ak ou epi ki te enskri nan lis elektoral lan;
- Lòt bò a montre adrès ou dwe prezante si non ou pa nan avi an oswa si li te mal ekri.

Vini ak lisans chofè ou oswa de (2) lòt dokiman ki pou idantifye ou. Li dwe pèmèt nou verifye non ou, dat nesans ak adrès ou.







**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

# Èske ou ta renmen vote avan jou eleksyon an?

Konsilte avi enskripsyon
ou an pou jwenn kote genyen vòt alavans
ki disponib.




Genyen plizyè opsyon
pou vote anvan dat eleksyon an.
Ou kapab jwenn plis enfòmasyon:

- Sou sitwèb lan nan www.elections.quebec
- Lè ou rele nou nan 1-888-353-2846

**Tout** biwo vòt alavans
yo disponib pou moun ki
gen yon andikap. ♿

**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

Yon semèn avan dat sa a,
ou pral resevwa yon kat rapèl koulè jòn.

Kat lan rekto vèso:

- Sou yon bò li di kote pou vote nan jou eleksyon an;
- Sou lòt bò an se lis non moun ou kapab vote pou yo an.




**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

# Èske ou pa kapab sòti deyò pou ale vote?



Si w genyen yon pwoblèm ki rann li difisil pou ale vote nan yon biwo vòt, ou kapab vote lakay ou.

Pou fè sa, pa pèdi tan pou ou enskri. Ou dwe respekte dat limit yo bay lan.

Pou vote lakay ou,
ekri oswa rele nan biwo Élections Québec nan sikonskripsyon elektoral ou an.

Pou jwenn nimewo telefòn ak adrès biwo sa a, vizite sitwèb lan nan www.elections.quebec oswa rele nou nan 1-888-353-2846.

Gen yon moun ki pral kontakte ou pou pran yon randevou ak ou.

# Kijan pou mwen vote?

Prezante nan adrès
ki afiche a sou:

- Bilten **blan**
  pou vote alavans lan;
- Kat **jòn** lan se
  pou vote nan jou eleksyon an.




Pral genyen yon moun
ki pral akeyi ou nan biwo vòt lan.
Apresa li pral montre ou
ki kote pou ale fè sa.

**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

Vini ak youn nan pyès idantite sa yo:




Lisans chofè Québec ou an




Kat asirans sante Québec ou an




Paspò Kanadyen ou an




Sètifika Estati Endyen ou an




Kat Idantifikasyon Fòs Lame Kanadyen ou an

**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

Sou tab lan,
site non ou ak adrès
ou epi montre pyès idantite ou.

Ou pral resevwa
bilten vòt lan ansanm
ak yon kreyon.

Ale dèyè
biwo vòt lan ki an katon an.





Sou bilten vòt lan, make yon X, fè yon tchèk oswa mak andedan wonn ki bò kote non moun ou vle vote pou li an.




**<u>Sèlman vote pou yon</u>** moun nan bilten vòt lan.

Se pa yon pwoblèm si mak ou fè a depase wonn lan.

Sèlman rasire ou li pa touche ak yon lòt wonn.

Pliye bilten vòt lan epi retounen sou tab lan.

Moun ki sou tab lan pral di ou ki fason pou mete bilten vòt ou an nan bwat bilten vòt yo ki sou tab lan.



# Gen aksè nan biwo vòt yo



Nan jou eleksyon an,
prèske tout biwo vòt yo
aksesib pou moun ki gen yon andikap.

Ou kapab verifye
pou konnen si biwo vòt ou an aksesib
sou sitwèb www.elections.quebec lan.



Si biwo vòt ou an pa aksesib,
tanpri kontakte ajan elektoral ou an.

Yo pral ba ou pèmisyon pou vote nan yon lòt biwo.

# Rezilta vòt lan

Yo pral bay rezilta yo nan jou eleksyon an apè 8 p.m.

Yo pral afiche rezilta yo sou sitwèb lan nan www.elections.quebec.



# Si ou vle pote yon kontribisyon politik

Chak ane ou kapab bay chak
pati politik ki otorize jiska $100,
chak Manm endepandan ki otorize
ak chak kandida endepandan ki otorize.

Si genyen yon eleksyon
nan sikonskripsyon elektoral
ou an pandan ane an,
ou kapab bay jiska $200.

Rasire ou genyen yon resi
pou chak kontribisyon ou pote.



**Si ou gen nenpòt kesyon,**
rele nou gratis nan 1-888-353-2846.

# Ou gen Kesyon?

Vizite sitwèb lan sou
**www.elections.quebec**

Rele Élections Québec nan **1-888-353-2846**

Voye yon mesaj tèks pou nou nan **868372**

